# bokkul ci nun kuy gisaane mbaa ñu gisaaneel ko, walla mu seetlu mbaa ñu seetal ko, walla mu njabar mbaa ñu njabaral ko

Jële na ñu ci Imraan Ibn Husayn -yal na ko Yàlla dollee gërëm - mu wax ne, Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «bokkul ci nun kuy gisaane mbaa ñu gisaaneel ko, walla mu seetlu mbaa ñu seetal ko, walla mu njabar mbaa ñu njabaral ko, ak kuy fas ab fas, ku ñëw ci seetkat dëggal ko ca la mu wax kooku weddi na li ñu wàcce ci Muhammat -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-«.

[Wér na] [Al-bassaar soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- tëkku na kuy def ci xeetam wi yenn jëf yi ci li mu wax ne: «bokkul ci nun» bokk na ca yooya: Bu njëkk bi: "ku gisaane mbaa ñu gisaaneel ko" cosaanam mooy: boyal am picc buy dugg ca liggéey ba ci tukki walla ci yaxantu walla leneen, bu naawee jëm wetu ndayjoor mu baaxal ko daal di wéy ca la mu namm, bu naawee jëm wetu càmmoñ mu gaafal ko daal di bàyyi la mu bëggoon, daganul mu defal lii boppam mbaa muy wut ku ko koy defal, day dugg ci loolu ba tay gaaflu ci mbir yépp, moo xam lu ñuy dégg la walla lu ñuy gis, ci njanaaw mbaa bayima, walla woroom laago yi, walla limat yi mbaa bis yi, walla yeneen yu dul yooyu. Ñaareel bi: "kuy seetlu mbaa ñu seetal ko" képp kuy wootewoo xam kumpa ci jëfandikoo biddiw yi mbaa leneen, walla mu ñëw ci kuy wootewoo xam kumpa niki seetkat bi ak ñu mel ni moom, daa di koy dëggal ca la muy wootewoo ci xam kumpa, kon weddi na li ñu wàcce ci Muhammat -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-. Ñatteel bi: "kuy njabar walla ñu njabaral ko" te mooy kiy njabar ci noppam, mbaa mu njabarloo keneen; ngir mu jariñ kenn mbaa lor ko, walla mu fas ab fas ci takk ay wëñ daal di ciy njabar ci jàng ca walla def ca ay muslaay yu araam daal di cay ëf.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5981